दिन–सोम दिनांक–23 / 04 / 2018

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः– शाम 06:15 बजे सँ अवधिः– 05 मिनट

---

अठारह सय संतावनक पहिल भारतीय स्वतंत्रता संग्रामक महानायक वीर कुंवर सिंहक एक सय साठिवाँ विजयोत्सवक अवसर पर भोजपुर जिलाक जगदीशपुर मे आइ सॅ तीन दिन धरि चलयवला सांस्कृति कार्यक्रम विधिवत शुरू भऽ गेल अछि। एहि अवसर पर कला संस्कृति अओर युवा विभागक मंत्री कृष्ण कुमार ऋषि शिवपुर घाट सॅ भव्य शोभा यात्रा के रवाना कयलनि। इ शोभा यात्रा जगदीशपुर किला जाकऽ समाप्त भेल जतय मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आओर उपमुख्यमंत्री सुशील कुमार मोदी यात्रा मे शामिल लोक सभक स्वागत कयलनि। मुख्यमंत्री वीर कुंवर सिंह संग्रहालयक सेहो उद्घाटन कयलनि। एहि सॅ पहिने राजधानी पटनाक वीर कुंवर सिंह आजादी पार्क मे मुख्यमंत्री नीतीश कुमार कुंवर सिंहक प्रतिमा पर माल्यार्पण कऽ हुनक श्रद्धाजलि अर्पित कयलनि। एहि अवसर पर उपमुख्यमंत्री आओर पथ निर्माण मंत्री सहित कतेको सामाजिक कार्यकर्ता सेहो उपस्थित छलाह। विजयोत्सवक अवसर पर आई सांझ पटनाक श्रीकृष्ण मिमोरियल हॉल मे सांस्कृतिक कार्यक्रमक आयोजन कयल गेल अछि जाहि मे मालिनी आवस्थी, नीतू कुमारी नूतन, ब्रजकिशोर दूबे, उषा कुमारी आओर सुदीपा घोष अपन प्रस्तुति देताह।

———————————————————————————

राज्यसभाक सभापति एमं वेंकैया नायडू आइ प्रधान न्यायाधीश दीपक मिश्राक खिलाफ महाभियोगक प्रक्रिया शुरू करबाक नोटिस के खारिज कऽ देलनि अछि। श्री नायडू कानून आओर संविधान विशेषज्ञ सभ सॅ सलाहक बाद नाटिस के ठोस आधार नहिं होयवाक हवाला दैत खारिज कयलनि अछि। कांग्रेस सहित सात विपक्षी दल प्रधान न्यायाधीशक खिलाफ कदाचारक आरोप में महाभियोगक नोटिस देने छल।

———————————————————————————

मुजफ्फरपुरक निलंबित एसएसपी विवेक कुमारक आय सॅ साढ़े तीन सय गुना वेसी सम्पत्तिक खुलासा भेल अछि। टैक्स चोरी आओर कम आयकर भरबाक मामिला मे निगरानीक टीम विवेक कुमारक खिलाफ मामिलाक जांच आयकर विभाग के सौंपवाक तैयारी कऽ रहल अछि। ओतहि, विदेशी मुद्रा भेटबाक मामिला मे हुनका पर विदेशी मुद्रा

प्रबंधन अधिनियम, फेमाक अंतर्गत सेहो मामिला दर्ज करबाक तैयारी कयल जा रहल अछि।

———————————————————————————————

केन्द्रीय माध्यमिक शिक्षा बोर्ड–सीबीएसई नौंवी सॅ बारहवीं कक्षा धरिक विद्यार्थी सभक लेल सभ दिन खेल कक्षा मे भाग लेवा के अनिवार्य कऽ देलक अछि। बोर्डक अध्यक्ष अनिता करवाल जनौलनि जे ई विषयक लेल छात्र सभ के ग्रेड देल जायत। ओ जनौलनि जे दसवीं आओर बारहवींक बोर्ड परीक्षा मे शामिल होयवाक लेल खेल कक्षा मे भाग लेव अनिवार्य होयत।

———————————————————————————————

विश्वविद्यालय अनुदान आयोग यू.जी.सी. जनौलक अछि जे योग शिक्षा मे डिप्लोमाधारी सभ के फिजियोथेरॉपी स्नातक कोर्स मे प्रवेशक दरमियान प्राथमिकता देल जायत। ई निर्णय एक विशेषज्ञ समितिक अनुशंसाक बाद कयल गेल अछि। मानव संसाधन विकास मंत्रालय एहि के पहिनेहि अपन स्विकृति दऽ देने अछि।

———————————————————————————————

केन्द्रीय सड़क परिवहन आओर राजमार्ग मंत्रालय द्वारा आई सॅ तीस अप्रैल धरि सड़क सुरक्षा सप्ताहक आयोजन कयल जा रहल अछि। गृह मंत्री राजनाथ सिंह आओर सड़क परिवहन तथा राजमार्ग मंत्री नितिन गड़करी नव दिल्ली मे एकर उद्घाटन कयलनि। एक सप्ताह धरि चलयवाला ई आयोजनक बीच कतेको गतिविधिक माध्यम सॅ लोक सभ के सड़क सुरक्षाक विषय मे जागरूक कयल जायत। राजधानी पटना सहित प्रदेश भरि मे एहि अवसर पर जागरूकता रैली निकालिकऽ लोक सभ के यातायात नियमक बारे मे जनाओल जा रहल अछि।

———————————————————————————————

हर घर बिजली योजनाक अंतर्गत आइ सॅ पूरा प्रदेश मे इंच्छुक लोक सभ के निःशुल्क बिजली कनेक्शन उपलब्ध करयबाक अभियान शुरू कयल गेल अछि। पच्चीस अप्रैल धरि अयोजित ई अभियानक अंतर्गत सभ जिलाक हरेक प्रखंडक एक पंचायत मे शिविर लगाकऽ लोक सभ के कनेक्शन उपलब्ध कराओल जायत। कनेक्शनक इच्छुक लोकसभ आधार कार्ड आओर आवासीय पताक प्रमाणित दस्तावेजक संग शिविर मे जा सकैत छथि।

———————————————————————————————

मिशन इंद्रधनुषक अंतर्गत आइ सॅ प्रदेशक पैंतीस जिलाक छओ सय पैंतीस गाम मे सघन टीकाकरण अभियान शुरू कयल गेल अछि। टीकाकरणक ऊंच दरबला तीन जिला–किनशगंज, शिवहर आओर मधेपुरा के इ अभियान मे शामिल नहि कयल गेल

अछि। अभियानक अंतर्गत गर्भवती महिला आओर दू वर्ष सॅ छोट बच्चा के दस प्रकारक जानलेवा बीमारी सॅ बचावक लेल टीका लगाओल जायत। टीकाकरणक पहिल चरण सत्ताइस अप्रैल धरि चलत।

———————————————————————————

समस्तीपुर जिला मे आई अगिलगिक फराक–फराक घटना मे बीस घर जरि गेल जाहि सॅ लाखो टकाक संपतिक नोकसान भेल अछि।

———————————————————————————

पूर्व–मध्य रेलवेक समस्तीपुर आओर दरभंगा मे ट्रेन आओर विभिन्न प्लेटफार्म पर छापामारी कऽ रेल पुलिस बेस मात्रा मे शराबक संग एगारह लोक के गिरफ्तार कयलक अछि। ओतहि, खगडिया जिलाक अलौलि थाना क्षेत्रक हरिपुर गाम मे पुलिस छापामारी कऽ बतीस कार्टून विदेशी शराब बरमाद कयलक अछि।

———————————————————————————

एहि संग आकाशवाणी, दरभंगा सँ प्रसारित संवादक ई अंक समाप्त भेल।